# MUZÍKA

# 2

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinıń 2-klası ushın sabaqlıq

Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi basıp shıǵarıwǵa usınıs etken

Jańa basılım



TASHKENT – 2021

UO‘K 78(075.3)
KBK 85.31ya72
N 79

Avtorlar:
**Nadim Narxojayev, Shaxista Narxojayeva,
Dilnaza Tashmuhamedova**

Pikir bildiriwshiler:
**M. Axmedov** – Ózbekstan mámleketlik koncervatoriyası muzıka pedagogikası kafedrasınıń baslıǵı, pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent.
**Z. Xodjaeva** – Andijan mámleketlik universiteti muzıkalıq tálim kafedrasınıń úlken oqıtıwshısı.
**R. Urazbaev** – Ámiwdárya rayonı 21-Balalar Muzıka kórkem-óner mektebiniń oqıtıwshısı.
**T. Eshto‘rayev** – Surxandárya wálayatı Muzrabat rayonındaǵı 14-ulıwma orta bilim beriw mektebiniń muzıka mádeniyatı pániniń muǵallimi.

## SHÁRTLI BELGILER:

 – tıńlaymız

 – qosıq aytamız

 – muzıka sawatı

 – shınıǵıw dápterińizge jazıń

 – muzıka dóretiwshiligi

 – sabaqtıń juwmaǵı

**?!** – bekkemlew ushın tapsırma

Respublika maqsetli kitap qorınıń qárejetleri esabınan basıp shıǵarıldı.

Original maket hám dizayn koncepciyası Respublikalıq metodikalıq oray tárepinen islendi.

ISBN 978-9943-7475-6-2

© Respublikalıq metodikalıq oray, 2021

## MAZMUNÍ

Qádirli oqıwshılar ........ 5

## 1-BAP. NAMA

Watanımızdı jırlaymız ........ 6
«Oʻzbekiston Respublikasi Davlat madhiyasi».
*A.Oripov* sózi, *M.Burhonov* muzıkası ........ 7
«Qaraqalpaqstan respublikasınıń mámleketlik gimni»
*I.Yusupov* sózi, *N. Muxameddinov* muzıkası ........ 8
«Súyemen elimdi». *B.Qayıpnazarov* sózi, *Á.Sultanov* muzıkası ........ 9
Tákirarlaw ........ 10
Nama ........ 11
«Maktabim». *I.Muslimov* sózi, *F.Nazarov* muzıkası ........ 12
Tákirarlaw ........ 14
Sherek nota ........ 15
«Fargʻonacha». *Ózbek xalıq naması* ........ 16
«Palaw». *G.Nurlipesova* sózi, *U.Abdullaeva* muzıkası ........ 17
Qosıq ........ 19
«Qarlıǵash». *M.Seytniyazov* sózi, *A.Qayratdinov* muzıkası ........ 19
«Oʻynaylik». *A.Rahmat* sózi, *Il.Akbarov* muzıkası ........ 20
Milliy saz ásbapları. Nay ........ 22
Qaraqalpaq milliy saz ásbapları ........ 24
Qobız ........ 24
Girjek ........ 25
«Kayfiyat». *N.Narxojayev* muzıkası ........ 26
«Uzum». *P.Momin* sózi, *D.Omonullayeva* muzıkası ........ 27
Segizlik nota ........ 28

## 2-BAP. JEKE HÁM KÓPSHILIK BOLÍP ATQARÍW

Jeke atqarıw ........ 30
«Asp boʻlaman». *Ózbek xalıq naması* ........ 31
«Alma». *N.Japaqov* sózi, *A.Xalimov* muzıkası ........ 32
Maqtanıshım – bas nızamım ........ 34
«Ǵulpaq». *Qaraqalpaq xalıq naması* ........ 35
“Qadim Turon”. *P.Tolib* sózi, *N. Narxojaev* muzıkası ........ 36
Birge atqarıw ........ 38
«Yomǵır». *T.Ubaydullo* sózi, *N.Narxojayev* muzıkası ........ 39
Qosıqshılıq hám sázendelik ........ 41

«Dangasa». «Dugoh» maqamı naması tiykarında
*M. Tajibaev* qayta islegen ........ 42
«Yolka» qosıǵı. *M.Seytniyazov* sózi, *Á.Sultanov* muzıkası ........ 43
Notalardıń toparları ........ 44
Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar ........ 45

## 3-BAP. MUZÍKA SAWATÍNA SAYAXAT

Takt hám takt sızıǵı ........ 47
«Top, top». *I. Yusupov* sózi, *U.Abdullaeva* muzıkası ........ 48
«Bobom – qahramon». *A.Haydarov* sózi hám muzıkası ........ 49
Ólshem ........ 50
Sanawdı úyrenemiz ........ 51
«Qashqarsha». *Ózbek xalıq naması* ........ 52
«Berdaq babam» *X. Saparov* sózi, *U. Abdullaeva* muzıkası ........ 53
Repriza ........ 54
«Vals». *P.Chaykovskiy* muzıkası, «Balalar albomı»nan ........ 55
«Navroʻzim – shoʻx sozim».
*H.Rahmat* sózi, *N.Narxojayev* muzıkası ........ 56
Lad. Major hám minor ........ 57
«Toreador marshi». *J.Bize* muzıkası ........ 59
«Gúllerim» *T.Qabulov* sózi, *Ó.Allanazarov* muzıkası ........ 60
Muzıkalıq rebuslar ........ 61
«Biz baxıtlı balamız». *Q.Ótegenov* muzıkası ........ 62
«Ismaloq» *P.Momin* sózi, *D.Omonullayeva* muzıkası ........ 63

## 4-BAP. BALALAR KOMPOZITORLARÍ

Shermat Yarmatov ........ 64
«Oynadik, hech toʻymadik».
*P.Momin* sózi, *Sh.Yarmatov* muzıkası ........ 65
«Soǵlom avlod qoʻshigʻi».
*T.Bahromov* sózi, *Sh.Yarmatov* muzıkası ........ 66
Nadim Narxojaev ........ 67
«Chinni gul». *P.Momin* sózi, *N. Narxojaev* muzıkası ........ 68
«Hakkalar». *N.Orifjonov* sózi, *N. Narxojaev* muzıkası ........ 69
Ulbiybi Abdullaeva ........ 71
«Quwırshaǵım». *G. Nurlepesova* sózi, *U. Abdullaeva* muzıkası ........ 72
«Kóylegim». *G.Nurlepesova* sózi, *U.Abdullaeva* muzıkası ........ 73
Muzıka dóretiwshileri ........ 74
«Aq qoyan». *Ǵ.Seytnazarov* sózi, *Ǵ.Demesinov* muzıkası ........ 75
«Oraz hám pıshıq». *X.Saparov* sózi, *X.Turdıqulov* muzıkası ........ 76
Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar ........ 77

## QÁDIRLI OQÍWSHÍLAR

Muzıkanıń sıyqırlı álemine sayaxatımız dawam etedi. Bul oqıw jılında sizdi kóplegen jańa hám qızıqlı maǵlıwmatlar kútip turıptı. Siz nama hám qosıqtıń ne ekenin bilip alasız, sherek hám yarım sherek notalar, muzıkalıq ólshemler haqqında túsinikke iye bolasız. Duwtar, girjek sıyaqlı milliy saz ásbaplarımızdıń hawazınan kewlińiz quwanıshqa toladı. Bir qatar muzıkalıq atamalar menen tanısasız hám muzıkanı jaqsıraq túsine baslaysız.

Ana Watanımız, gózzal tábiyatımız, doslıq hám tınıshlıq haqqındaǵı kóplegen nama hám qosıqlardı tıńlaysız, olardı óz aldıńızǵa hám birge aytıp úyrenesiz. Bunnan tısqarı pikirlew, oylap tabıw, dóretiwshilikke baǵdarlanǵan tapsırmalardı orınlaysız.

# 1-BAP
# NAMA

## WATANÍMÍZDÍ JÍRLAYMÍZ

Gimn – mámleket nıshanlarınan biri. Janajan Ózbekstanımızdıń óz gimni bar. Onı tik turıp hám oń qolımızdı kóksimizge qoyǵan halda aytamız.



## O‘ZBEKISTON RESPUBLIKASI DAVLAT MADHIYASI

***A. Oripov*** *sózi* ***M. Burhonov*** *muzıkası*

Serquyosh, hur o‘lkam, elga baxt, najot,
Sen o‘zing do‘stlarga yo‘ldosh, mehribon!
Yashnagay to abad ilm-u fan, ijod,
Shuhrating porlasin toki bor jahon!

N a q a r o t:

Oltin bu vodiylar – jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

Bag‘ri keng o‘zbekning o‘chmas iymoni,
Erkin, yosh avlodlar senga zo‘r qanot!
Istiqlol mash’ali, tinchlik posboni,
Haqsevar ona yurt, mangu bo‘l obod!

N a q a r o t:

Oltin bu vodiylar – jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!



?! Ózbekstan Respublikası Mámleketlik gimni sizge qanday tásir etkeni, gimnimiz qay jerlerde hám qanday ilajlarda aytılıwı haqqında aytıp beriń.



# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK GIMNI

***Ibrayım Yusupov*** sózi
***Najimaddin Muxameddinov*** muzıkası

Jayhun jaǵasında ósken bayterek,
Túbi bir shaqası mıń bolar demek,
Sen sonday sayalı, quyashlı elseń,
Tınıshlıq hám ıǵbal sendegi tilek.

N a q ı r a t ı :

Diyqan baba nápesi bar jerinde,
Juwsan ańqıp, kiyik qashar shólinde,
«Qaraqalpaqstan» degen atıńdı,
Áwladlar ádiwler júrek tórinde.

Aydın keleshekke shaqırar zaman,
Mártlik miynet, bilim jetkerer oǵan,
Xalqıń bar azamat, dos hám miyirban,
Erkin jaynap-jasnap, máńgi bol aman!

N a q ı r a t ı

?! Qaraqalpaqstan Respublikası Mámleketlik gimni sizge qanday tásir etkeni, gimnimiz qay jerlerde aytılıwı haqqında aytıp beriń.



# SÚYEMEN ELIMDI

***B.Qayıpnazarov*** sózi ***Á.Sultanov*** muzıkası

Súyemen ósken elimdi,
Súyemen sulıw jerimdi,
Súyemen hadal miynettiń,
Batırı bolǵan erimdi.

Súyemen awıl, qalamdı,
Aq altınlı dalamdı,
Paxtanıń sheber ustası,
Ádiwli ata-anamdı.





?! Qosıqtıń kóterińkiligin aytıp beriń. Jáne qanday qosıqlardı bilesiz?







# TÁKIRARLAW

## NOTA JOLÍ.
## NOTALARDÍŃ JAZÍLÍWÍ HÁM ATALÍWÍ

Muzıka sesleri nota menen jazıladı. Notalar jazılatuǵın bes sızıqqa NOTA JOLÍ dep ataladı.



Nota sızıǵınıń basına SKRIPKA GILTI qoyıladı.



SKRIPKA GILTIniń aylana dógeregi nota sızıǵınıń ekinshi sızıǵın orap alǵanı hám sol sızıqta sol notası jazılǵanı sebepli bul gilt SOL GILTI dep te ataladı.



Sol notası

Muzıkada jeti nota bolıp, olar nota sızıǵınıń bes sızıǵına jaylastırıladı hám tómendegishe ataladı:



# NAMA

Nama hárqanday muzıkanıń tiykarı. Ol túrli bálentlik hám uzınlıqta seslerdiń qosındısınan payda boladı. Namanıń jaǵımlılıǵı onıń tiykarǵı qásiyeti. Namalar qandayda bir saz áspabında yamasa hawaz benen aytıladı. Muzıkada qosıq, ayaq oyın namaları bar. Nama joqarıǵa hám páske qaray rawajlanıwı múmkin.

## QARI NAVO



## DO‘LONCHA



## NEVARALAR QO‘SHIG‘I



## OQ LOLALAR



***M. Leviyev*** muzıkası
***“Mahallada duv-duv gap”*** kino filminen





# MAKTABIM

***I. Muslimov*** sózi

***F. Nazarov*** muzıkası

Ona kabi mehribon,
Ilm-fanlarga makon.
Yayrab o‘qiyman har on,
Qadrdonim, maktabim!

Senda fanlar xilma-xil,
Ongim o‘sar yilma-yil.
Sevinchlarga to‘lar dil,
Qadrdonim, maktabim!

Men dunyoda baxtiyor,
Hech chekmayman alam-zor,
Vatanim – mangu gulzor,
Qadrdonim, maktabim!

A’lo o‘qishdir burchim,
Sarf etarman bor kuchim.
Ishlayman xalqim uchun,
Qadrdonim, maktabim!








O - na ka- bi meh - ri - bon, i- l(i)m, fan -lar- ga ma- kon.

Eger nama shertilmegende, onı qalay atqarǵan bolar edik?



O - na ka- bi meh - ri - bon, i- l(i)m, fan -lar- ga ma- kon.

Qosıqtıń nota tekstine qarap namanıń qalay rawajlanǵanın aytıp beriń hám onıń háreketin kórsetiń.

«Mektebim» qosıǵın saz benen qosıp aytıń.



O - na ka- bi meh - ri - bon, i- l(i)m, fan-lar-ga ma- kon.

Qosıqtıń nota tekstin joqarıdaǵı dóńgeleksheler menen salıstırıń.

# TÁKIRARLAW

**PÚTIN NOTA**



Bilseń pútin notaman,
Hár notadan úlkenmen,
Meni sanap «4» ge,
Keyin dawam eteseń.

**YARÍM NOTA**



Men pútinniń yarımı,
Demek yarım notaman,
Sana meni «2 i» ge,
Dım quwanıp ketemen.







## SHEREK NOTA

Bilseń sherek notaman,
Kishkeneniń gúlimen,
Qara qalday bir noqat,
Pútinniń tórtten birimen.











# FARG‘ONACHA

*Ózbek xalıq naması*



?! Namadaǵı nota tekstinen yarım hám sherek notanı tabıń.







# PALAW

***G. Nurlipesova*** sózi ***U. Abdullaeva*** muzıkası

Miyman bolsań Aral, Ámiw boyına,
Jaqsı niyet, keńlik keler oyıńa.
Miymanına qushaq ashıp qoy soyar,
Sarı palaw demlenedi toyına.



N a q ı r a t ı :
Awqatlardıń aǵlası,
Sarı palaw – pal palaw,
Ketpes yadtan mazası,
Al, miymanım, al palaw,
palaw, palaw, pal palaw,
Sarı palaw.

N a q ı r a t ı .

Qaraqalpaǵım meniń miymandos xalıq,
«Miymanǵa at soyǵan piyda qalıp».
Miyrimine qosıp barın beredi.
Taǵam tolı dásturqanı jasalıp.



# DO







# RE











# QOSÍQ

Qosıq – qosıq qatarlarınan hám namadan jaraladı. Ol saz benen, geyde saz ásbaplarsız da aytılıwı múmkin. Qosıq bir yamasa birneshe atqarıwshılar tárepinen aytıladı.



## QARLÍǴASH

***M.Seytniyazov*** sózi — ***A.Qayratdinov*** muzıkası



Jay aldında sımlarǵa,
Kelip taǵı qonasań.
Búlkildep qızıl tamaǵıń,
Sulıw nama shalasań.

N a q ı r a t ı:

Qaǵıp, qaǵıp qanattı,
Diń hawaǵa ushasań.
Emin-erkin sayranlap,
Kókti sharlap qushasań.





# O‘YNAYLIK

***A. Rahmat*** sózi

***II. Akbarov*** muzıkası



Do, re, mi, fa, sol, sol, sol
Deb chertaman torimni,
Soz bo‘lganda jaranglab
Kuyga solar barini.

Ulug‘ Vatan sha’niga
To‘qiladi kuylarim.
Dutorim-la avj olar
Mening shirin o‘ylarim.





Do, re, mi, fa, sol, sol, sol deb cher- ta- man to- rim- ni.



Do, re, mi, fa, sol, sol, sol deb cher-ta-man to-rim -ni.

?! Qosıqtıń dóńgeleksheler túrindegi sesleriniń uzın-qısqalıǵın nota sózi menen salıstırıń.

# MI







# FA









𝅝 = ♩ + ♩ + ♩ + ?



# MILLIY SAZ ÁSBAPLARÍ

## NAY

Nay – qamıs yaki erik aǵashınan jasalıp, úplep shertiletuǵın ásbap. Ol qaptalınan uslap shertiledi. Onıń tiykarǵı 6, joqarıda 2 hám tómeninde bir járdemshi tesiksheleri bar. Nay – úplep shertiletuǵın milliy saz ásbaplarınan biri.




?! Nay saz ásbabınıń dúzilisi haqqında aytıp beriń. Naydıń sestin tembrinen ajıratıp biliń.





# SOL





# LYA







# SI





# QARAQALPAQ SAZ ÁSBAPLARÍ

## QOBIZ

Qobız sırtqı kórinisine qaray eki túrge bólinedi. Dástesi menen shanaǵı bir tutas jonıp islengen birinshi túri. Dástesi menen shanaǵı bólek soǵılıp, bir-birine kiygizilip shertiletuǵın ekinshi túri qurama qobız jiyi gezlesedi.



## GIRJEK

Girjek – eski milliy saz ásbaplarınan biri. Ol tartqısh menen shertiledi.



# KAYFIYAT

*N. Narxojayev* muzıkası











## UZUM

***P. Momin*** sózi
***D. Omonullayeva*** muzıkası

Uzum pishdi,
Uzum pishdi,
Ishkomlarga
Ko‘zim tushdi.

Hosili mo‘l –
Bosh-bosh uzum.
Boqqan sari,
To‘yar ko‘zim.

Oftobdan nur
Simirganlar.
Yetilganlar,
Semirganlar.

Bobom bilan
Bog‘ oralab
Uzum uzdik
Xo‘p saralab.





## SEGIZLIK NOTA

Men segizlik notaman,
Bayraqsham bunnan derek,
Qay qosıqta ushırasam,
Meni tez shertiwi kerek.











# DO







# RE













1-sabaq

# 2-BAP
# JEKE HÁM KÓPSHILIK BOLÍP ATQARÍW

## JEKE ATQARÍW

Súwrettegi sazendege qarań. Ol saz ásbabında namanı bir ózi atqarmaqta. Namanı sazendeniń bir ózi shertiwi – **jeke atqarıwshılıq** dep ataladı.



## ASP BO‘LAMAN

*Ózbek xalıq naması*





Nama háreketin shınıǵıw dápterińizge jazıń.



# ALMA



***Nawrız Japaqov*** sózi
***Alımjan Xalimov*** muzıkası

Baǵ ishinde tur alma,
Deydi onı mazalı.
Qoldı sozsam almaǵa,
Bolmayman ba jazalı?

Kóz aldımda kún sayın,
Meni ózine tartadı,
Kórgen sayın almanı,
Muhabbatım artadı.





Baǵ i- shin- de tur al- ma, dey- di o- nı ma- za - lı.

# MI





# FA











## MAQTANÍSHÍM – BAS NÍZAMÍM

Mámleketimiz konstituciyası – elimizdiń bas nızamı. Onda Watanımızda jasap atırǵan insanlardıń tiykarǵı huqıqı, minneti hám erkinlikleri belgilep berilgen.



# ǴULPAQ



*Qaraqalpaq xalıq naması*







**?!** Namanı atqarıń:





# QADIM TURON

***P. Mómin*** sózi

***N. Narxojaev*** muzıkası



Uch, Humo qush,
Parvozi xush.
Osmonimda,
Makonimda.

*Naqarot:*

Keng Turkiston
Menga makon.
El – qadrdon,
O‘zbekiston.

Samosi sof,
Chaqnar oftob.
Bag‘ri kengdir,
Do‘sti tengdir.

*Naqarot.*

Aytay chindan,
Baxtim sendan.
Sen doimo
Bor bo‘l, Humo!

*Naqarot.*



# SOL







# LYA













# BIRGE ATQARÍW

Eki saz ásbabında birge nama shertiw birge atqarıw delinedi. Bunda olar birin-biri tıńlap, shertedi.



?! Jeke atqarıwshılıq penen birge atqarıwshılıqta qanday parıq hám uqsaslıqtı sezdińiz?

## YOMG‘IR

***T.Ubaydulla*** sózi ***N.Narxojayev*** muzıkası

Shivir-shivir shivirlab,
Yomg‘ir yog‘di shitirlab.
Bo‘g‘otlarga berkindi
Sho‘x chumchuqlar pitirlab.

*Naqarot:*
O‘ynab-o‘ynab tushar suv,
Kuylab-kuylab tushar suv.
Yer bag‘rini to‘ldirib,
Quvnab-quvnab tushar suv.

Yomg‘ir yog‘ar paqirlab,
Chuchvarasi vaqirlab.
Har tomchi qut, baraka,
Yashnaydi dala, qirlar.

*Naqarot.*





# SI







# DO 2
















# QOSÍQSHÍLÍQ HÁM SÁZENDELIK

Qosıqshılıq bul qosıq aytıw menen baylanıslı muzıkalıq kásip. Qosıqshılar qosıqtı saz benen birge yamasa sazsız da aytadı.

Sazendelik bolsa saz ásbabında nama shertiw menen baylanıslı muzıkalıq kásip. Sazendeler namanı hár qıylı saz ásbaplarında shertedi.



?! Qosıqshı menen sazendeniń atqarıwın tıńlap, bir-birinen parıqlaw.



## DANGASA

***M. Tajibaev «Dugoh» maqamı namasi tiykarında dóretken***

Dangasaning holi yomondir,
Dars qilgani qo‘li bormaydi.
Ketayotgani yomon tomondir,
Qo‘lin sovuq suvga urmaydi.
Dangasa bo‘lmang, dangasa,
G‘ayratli bo‘ling, g‘ayratli bo‘ling.






?! «Dangasa» qosıǵınıń ritmin nota sózi menen salıstırıń.

## YOLKA QOSÍǴÍ

***M. Seytniyazov*** sózi

***Á. Sultanov*** muzıkası
qayta islegen ***K. Ótegenov***

Biziń yolka tamasha,
Qızıǵına qarasa.
Óyınshıqları taǵılǵan,
Neshew eken sanasa?

Bala, bala, balalar,
Yolkanı kim soǵalar?
Pilmen be, ya ǵazban ba,
Meni kimler tabalar?





Bi- ziń yol- ka ta-ma-sha - a, qı -zı- ǵı- na-a qa-ra-sa.

## NOTALARDÍŃ TOPARLARÍ

Nota jazıwında segizlik notalardı jazıw qolay bolıwı ushın olar bir sızıq penen birlestiriledi. Segizlik notalar ekewden, ayırım jaǵdaylarda tórtewden birlesedi. Bunıń ushın olardıń bayraqshaları bir-birine tutastırıladı.





Berilgen shınıǵıwdaǵı sherek notalardı «bak», segizlik notalardı bolsa «bum» buwınları menen aytıp, qosılamız:





## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Nama degen ne? Nama qalay háreketke keliwi múmkin?

2. Berilgen noqatlardıń háreketine qarap, olar siz úyrengen qaysı qosıqta ekenligin aytıń.



3. Tómendegilerdiń qaysısı sherek nota?

1) 𝅝 2) 𝅗𝅥 3) ♩ 4) ♪

4. 𝅗𝅥 + ?= 𝅝

5. ♪ + ? = ♩

6.  ♩ ♪♪ ♩ ♩ ♪♪ ♪♪ ♩

7. Bulardıń qaysısı girjek?



8. Bulardıń qaysısı qobız?









9. Qobız benen girjektiń arasında qanday parıq bar?




10. Bulardıń qaysısı «Dangasa» namasın bildiredi?





# 3-BAP
# MUZÍKA SAWATÍNA SAYAXAT

## TAKT HÁM TAKT SÍZÍǴÍ

Nama taktlarǵa bólinedi.



Takt kúshli hám kúshsiz úleslerden turadı.

Kúshli úlestiń aldına tik sızıq qoyıladı.









Bul sızıq **takt sızıǵı** dep ataladı.



## TOP-TOP

***I. Yusupov*** sózi ***U. Abdullaeva*** muzıkası

N a q ı r a t ı :
Top-top domalaq,
Qayda kettiń jumalap,
Top-top, top-top domalaq,
Qayda kettiń jumalap.

Bala, bala, bala,
Etken isiń shala.
Aytshı qáne nege sen,
Meni suwǵa tebeseń.

N a q ı r a t ı :

Batpaqqa da basasań,
Shańǵa taslap qashasań,
Sol ushın aytpayman,
Úyge de qaytpayman,
Salmadan ıǵaman,
Stadionnan shıǵaman.



N a q ı r a t ı.



# BOBOM – QAHRAMON

***A. Haydarov*** **sózi hám muzıkası**

Bobom – qahramon,
Urushda bo'lgan.
Yovlar ustidan
G'alaba qilgan.

*Naqarot:*
Qahramon, qahramon,
Bobom – qahramon.
Bobojon, doimo
Bo'ling sog'-omon.

Jang-u jadalda
Quchgan zafarlar.
Ko'ksida to'la
Orden-medallar.

*Naqarot.*

E'zozda doim
Bobomday mardlar.
Elin asragan
Botir askarlar.

*Naqarot.*





## ÓLSHEM

Muzıkadaǵı ólshem takttıń sıyımlılıǵın, yaǵnıy bir taktke neshe nota jaylasatuǵının kórsetedi.

Ol biri ekinshisiniń ústine jaylasqan eki san kórinisinde jazıladı.

Tómendegi úlgide mine sonday jazıwlardı kóriwimiz múmkin:

$$\frac{2}{4} \qquad \frac{3}{4} \qquad \frac{4}{4}$$

2 — takttegi úles (eki)

4 — hárbir úlestiń uzınlıǵı (sherek)

Muzıkalıq shıǵarmanıń ólshemi muzıka giltinen keyin qoyıladı.








## SANAWDÍ ÚYRENEMIZ



# QASHQARCHA



*Ózbek xalıq naması*







?! «Qashqarsha» namasın eki toparǵa bólinip aytıń.





## BERDAQ BABAM

***X. Saparov*** sózi
***U. Abdullaeva*** muzıkası



Jas áwladqa berdiń aqıl,
Qosıqlarıń boldı naqıl.
Sizdi umıtpaydı xalqıń,
Dana shayır Berdaq babam.

N a q ı r a t ı :

«Jigerli bol jastan balam!»
Sózıń quwat berdi maǵan.
Búgin dórep erkin zaman,
Máńgi jasar Berdaq babam.

Bolǵan menen dáwir qanday,
Janǵa jaǵar sózıń palday.
Sizdi kórer jalǵızınday.
Xalqıń bárhá Berdaq babam.

N a q ı r a t ı.

?! Jáne qaysı shayırlar haqqında qanday qosıqlardı bilesiz?



# REPRIZA



Namanıń tiykarǵı bólimi
Jáne jańlaydı tákirar.
Bul bólimniń bir shetinde
Repriza belgisi bar.

Muzıkalıq shıǵarmanıń qandayda bir bóliminiń tákirarlanıwın bildiretuǵın belgi **«repriza»** dep ataladı.

Usı súwrette qızıl jolaq penen ajıratılǵan repriza belgisin kórip tursız.



Muzıkalıq shıǵarmadaǵı bul qos noqatlıq belgi – repriza belgisiniń arasındaǵı bólimi tákirarlanatuǵının bildiredi.







?! Repriza belgisi menen takt sızıǵı bir-birinen qalay parıqlanadı?

# VALS

***P. Chaykovskiy muzıkası***
***"Bolalar albomi"nan***

Vals jup-jup bolıp, tegis aylanıw menen atqarılatuǵın ayaq oyın. Ol tiykarınan úlken ayaq oyın keshelerinde atqarıladı.





## NAVRO‘ZIM – SHO‘X SOZIM

***H. Rahmat*** sózi
***N. Narxojaev*** muzıkası

Navro‘z keldi, Navro‘z keldi kulib-kulib,
Bog‘-u dalam, bog‘-u dalam gulga to‘lib,
Qushlar sayrar juft-juft bo‘lib.

*Naqarot:*
Navro‘zim – o‘z so‘zim, shod ovozim,
Shod ovozim, sho‘x sozim.

Navro‘zimni sevar jahon, sevar jahon,
Ona diyor, hur guliston, hur guliston,
Kundan kunga zavqli davron.

*Naqarot:*
Navro‘zim – o‘z so‘zim, shod ovozim,
Shod ovozim, sho‘x sozim.





Qosıq ritmin nota sózi menen salıstırıń.



# LAD: MAJOR HÁM MINOR

Muzıkalıq sesler óz ara kelisip jasaydı. Hárbiriniń óz ornı hám óz jayı bar. Muzıkalıq lad – bul óz ara kelisiwde, yaǵnıy belgili izbe-iz jaylasqan sesler toparı.

Muzıkada ladlar júdá kóp. Olardıń arasında eń tiykarǵısı ekewi: major hám minor.

**Major** – bul ashıq hawazlı muzıka, kewilli, saltanatlı namalardıń tiykarı.

**Minor** – názik, oyshıl namalardıń tiykarı.



Major ladındaǵı namadan úzindi tıńlań:



Minor ladındaǵı namadan úzindi tıńlań:



## MAJOR HÁM MINOR

Muzıka elatında,
Bar eki aǵa-ini.
**Major** – kewilli hám shadlı,
Shadlı namalar gúli.
Ekinshi bala **Minor**,
Ol – názik hám oyshań
Jaǵımlı dawıs penen,
Oyıńızdı biylep alǵan.
**Major** hám **Minor** biraq,
Barqulla birge – inaq.



# TOREADOR MARSHÍ

***J. Bize*** muzıkası

Marsh – sapqa dizilip júriwde atqarılatuǵın saltanatlı muzıkalıq shıǵarma.



?! Bir orında turıp namaǵa qosıp qádem basıń.





# GÚLLERIM

***Tolıbay Qabulov*** sózi ***Óserbay Allanazarov*** muzıkası

Náwbáhárde tańlarda,
Mıń qubıltıp túrlerin,
Írǵalısar baǵlarda,
Meniń ekken gúllerim.

Gúlge qarap búlbúller,
Hár namaǵa sayraydı,
Ashılısıp ál qızıl gúller,
Onnan sayın jaynaydı.

N a q ı r a t ı :

Qızıl-jasıl dónip tur,
Meniń ekken gúllerim.



?! «Gúllerim» namasınıń ritmlik aytılıwın nota teksti menen salıstırıń.
Notaǵa qarap ayıń.



# MUZÍKALÍQ REBUSLAR

Rebuslar sizge bir dúnya zawıq baǵıshlaydı, pikirlewge úyretiwshi, sóz qorın bayıtıwshı, dıqqatlıraq bolıwǵa baǵdarlawshı oyın túri bolıp tabıladı. Muzıkalıq rebuslardı sheshiw ushın **do, re, mi, fa, sol, lya, si** notalarınıń nota sızıǵında jaylasıw tártibin biliwdiń ózi jetkilikli.

Notalardı anıqlań hám jasırılǵan sózlerdi tawıp, muzıkalı rebustı durıs oqıń.

 – birinchi nota  z

 –  buslar yecha  z.

 –  yovlaydi mushuk,

 –  zoga ucha  z.

 –  va masala,

 – yangraydi ashula.

 – yettinchi nota  z,

Yana  ga qayta  z.



## BIZ BAXÍTLÍ BALAMÍZ

***Q. Ótegenov*** muzıkası

Namanıń háreketi súwretlengen tómendegi úlgilerden qaysısı Q. Ótegenovtıń «Biz baxítlí balamíz» namasına tuwrı keledi?









# ISMALOQ

***P. Mómin*** **sózi** ***D. Omonullaeva*** **muzıkası**

Ismaloq zoʻr oʻsimlik,
Bargchalari koʻrimlik.
Bizning uyda ismaloq
Oʻsib yotar shapaloq.

Barglarini avaylab
Terib berdik ataylab.
Somsa qilsalar oyim,
Maza qilamiz doim.



?! «Ismaloq» namasınıń ritmlik aytılıwın nota teksti menen salıstırıń.
Notaǵa qarap ayıń.



# 4-BAP
# BALALAR BASTAKOR HÁM KOMPOZITORLARÍ

## Shermat Yarmatov



Balalardıń jaqsı kóretuǵın kompozitorı Shermat Yarmatov 1939-jılı Ferǵana wálayatında tuwılǵan. Kóp jıllardan beri jas qosıq ıqlasbentlerine kórkem óner sırların úyretip kiyatır. Ustaz kompozitor dúzgen «Bulbulsha» balalar ansambli tek respublikada emes, al kóplegen shet mámleketlerde ózbek balalar qosıqshılıq ónerin keń túrde tanıtpaqta. Shermat Yarmatov «Oymomojon rom boʻldi», «Gʻildiragim», «Soǵlom avlod qoʻshiǵi», «Oy boʻlamiz, toy boʻlamiz» sıyaqlı onlaǵan qosıqlardı dóretken.

Balalar qosıqshılıǵın rawajlandırıwǵa qosqan úlesi ushın «Sogʻlom avlod» ordeni menen sılıqlanǵan.

# O‘YNADIK, HECH TO‘YMADIK

***P. Momin*** sózi
***Sh.Yarmatov*** muzıkası



Bag‘ri ko‘m-ko‘k dalalar,
Gullari ko‘p dalalar.
Qarang, juda keng ekan,
Bir olamga teng ekan.

*Naqarot:*
Dalalarda o‘ynadik,
Hech o‘yinga to‘ymadik.

Oftob bizni ko‘rardi,
O‘ynaymi, deb so‘rardi.
Shamol asta yelardi,
Davramizga kelardi.

*Naqarot.*



# SOǴLOM AVLOD QO‘SHIG‘I

***T. Bahromov*** sózi

***Sh. Yarmatov*** muzıkası

Quyosh bo‘lsin, oy bo‘lsin,
O‘zbekiston boy bo‘lsin.
Menga atlas, ukamga
Gijinglagan toy bo‘lsin.

*Naqarot:*
Dadam yuzga kirsinlar,
Ayam yuzga kirsinlar.
Bizlar yuzga kirganda
Yonimizda yursinlar.

O‘saversin bo‘yimiz,
Tenglik – orzu-o‘yimiz.
Bu dunyoda bor bo‘lsin
O‘zbekiston – uyimiz.

*Naqarot.*

?! «Salamat áwlad qosıǵı»nıń ritmin nota sózi menen salıstırıń.








## Nadim Narxojaev

Balalardıń jaqsı kóretuǵın kompozitorı Nadim Narxojaev 1947-jılı Tashkent qalasında zıyalılar shańaraǵında tuwılǵan. Ol balalar qosıqshılıq kórkem óneri rawajlanıwına úlken úles qosqan kompozitorlardan biri. Zamanlas shayırlar menen birgelikte balalar ushın 200 den artıq qosıqlar dóretken.

Nadim Narxojaevtıń «Qor», «Navro'zim – sho'x sozim», «Chamandagi gullarmiz», «Yaxshi bola», «Gullar – manim kulganim», «O'zbegimdan aylanay», «Hakkalar» sıyaqlı júzlegen qosıqlardı balalar jaqsı kórip aytadı.

Ózbekstan Respublikası kórkem óner ǵayratkeri, Ózbekstanda xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri, Ózbekstan mámleketlik koncervatoriyası professorı N. Narxojaev óziniń jaǵımlı muzıkalıq shıǵarmaları, ásirese, estrada hám balalar ushın dóretken qosıqları menen el-jurt húrmetine miyasar bolǵan.

# CHINNIGUL

***Qambar Ata*** sózi

***N. Narxojaev*** muzıkası



Yonib turgan chinnigul,
Yoqtiradi har ko‘ngil.
Senga shaydo har bir dil,
Chinnigul, chinnigul.

Gul tanlagan ko‘zlarga,
Dildan chiqqan so‘zlarga,
Kulib chiqqan yuzlarga
Yarashiqsan, chinnigul.

Oymisan yo kunmi, gul?
Mehring elga chinmi, gul?
Uch-to‘rt dona chinnigul
Quvonchlarga ochar yo‘l.

Sen eng nodir sovg‘asan,
Go‘zallikda tanhosan.
Olqishlarga ravosan,
Ardoqligim, chinnigul.



## HAKKALAR

***N. Orifjanov*** sózi ***N. Narxojaev*** muzıkası

Ola qanot hakkalar,
Shoxdan shoxga qo‘nasiz.
“Chig‘ir-chig‘lab” nimanidir
Izlab topgan bo‘lasiz.

Teraklarning uchidan
Sizga boqar polapon.
Qamishzorlar ichidan
Unga qarab qolaman.

Shoshqaloqlab tumshug‘in
Siz tomonga tutadi.
Hali yosh, yo‘l-yo‘rig‘in
Topmay, najot kutadi.

Uni boqish farzingiz,
Yurmang muncha hakkalab.
Boshqalardan farqingiz –
Yengiltaksiz, hakkalar.







?! «Hakkalar» qosıǵın balalar saz ásbaplarına qosılıp anıq aytıń.
Berilgen úlgidegi eń tómen hám eń joqarı dawıslardı anıqlań.







Berilgen shınıǵıwdaǵı sherek hám yarım notalardı «bum», segizlik notalardı bolsa «bak» buwınları menen aytıp, balalar saz ásbaplarına qosılıp aytıń.





## Ulbiybi Abdullaeva

Ulbiybi Abdullaeva Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kompozitorlar awqamlarınıń aǵzası, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri.

Kompozitor Ulbiybi Abdullaevanıń «Baxıtlı balalıq», «Qaraqalpaq kompozitorlarınıń vokal shıǵarmaları» toplamları bar. Ol birqansha balalar shayırlarınıń qosıqlarına nama jazǵan. Olardan X.Saparovtıń «Sport sonday paydalı», G.Nurlepesovanıń «Muǵallimim ustazım», «Nawrız keldi» hám t.b. qosıqlarǵa birqansha namalar jazǵan.

Kompozitor qosıqlardan basqa simfoniyalıq orkestr hám kamer saz ásbapları ushın shıǵarmalar dóretip kelmekte.

# QUWÍRSHAĞÍM

***G. Nurlepesova*** sózi **U. Abdullaeva** muzıkası

Quwırshaǵım Gúlayım,
Ózi sonday múlayım.
Shashı kirlep qalmasın,
Jıltıratıp juwayın.

Tazalıqlı bolayın,
Shashlarımdı tarayın.
Quwırshaǵımdı qushaqlap,
Men baqshama barayın.

Shashın tarap óreyin,
Shóllese suw bereyin.
Doslarıma kórsetip,
Úyge ertip keleyin.

Úyde «úy-úy» oynaymız,
Biz qızǵanshaq bolmaymız.
Quwırshaq penen oynawdıń,
Qızıǵına toymaymız.





## KÓYLEGIM

***G. Nurlepesova*** sózi ***U. Abdullaeva*** muzıkası

Apam maǵan bazardan,
Kóylek satıp áperdi.
Kórip dostım Ayzada,
Kóylegiń sulıw dedi.

Dostımnıń bul sózinen,
Quwanaman kúlemen.
Más bolıp óz-ózimnen,
Sekirip-sekirip júremen.

N a q ı r a t ı :

Kiyip barıp baqshaǵa,
Kewillenip oynadım.
Oynasamda qanshama,
Kele berdi oynaǵım.

N a q ı r a t ı.





A- pa-am ma- ǵan ba-zar-dan, kóy-le-ek sa- tıp á-per- di.



A-pa-am ma-ǵan bazardan, kóy-le-ek sa-tıp á- per-di.

# MUZÍKA DÓRETIWSHILERI

Súwretke dıqqat penen qarań. Onda shayır, kompozitor, qosıqshı, sazende sıyaqlı dóretiwshiler kórsetilgen. Hawadaǵı sharlarda bolsa dóretiwshilerdiń tiykarǵı muzıka quralları jazılǵan.






?! Qaysı shardı qaysı dóretiwshige bergen bolar edińiz? Ne ushın?

## AQ QOYAN

***Ǵ. Seytnazarov*** sózi ***Ǵ. Demesinov*** muzıkası

Aq qoyan-aw aq qoyan,
Uzın qulaq saq qoyan,
Qasha berme qıyaǵa,
Ol ózińe kóp zıyan.

Toqta uslap alayın,
Sóytip ot-jem salayın,
Alıp barıp úyimde,
Jaqsılap qarawıllayın.





Aq qo-yan - aw aq qo - yan, u- zın qu- laq saq qo-yan,

## ORAZ HÁM PÍSHÍQ

***X. Saparov*** sózi
***X. Turdıqulov*** muzıkası

Qolına alıp shıbıqtı,
Urdı jatqan pıshıqtı.
Shıbıq tiyip ashıdı,
Pıshıq júkke shapshıdı.

Kórpe-tósek quladı,
Oraz qorqıp jıladı.
Urmayman endi pıshıqtı,
Dep Orazdan ún shıqtı.



?! «Oraz hám pıshıq» qosıǵınıń ritmin nota sózi menen salıstırıń.



Qo - lı - na a - lıp shı - bıq - tı, ur - dı- ı jat-qan pı-shıq - tı



Qo - lı - na a - lıp shı - bıq - tı, ur - dı- ı jat-qan pı-shıq - tı

## BEKKEMLEW USHÍN
## SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Qaysı úlgide 2/4 ólshemi durıs qoyılǵan?

1)



2)



2.  ?

3. 



4.  ?

5. Berilgen úlgilerden qaysı biri U. Abdullaevanıń «Palaw» namasına sáykes keledi?

1) 

2) 

3) 

6. «Quwírshaǵím» qosıǵın qol shappatlaw yaki balalar sazendeliginde orınlań.



7. Tómende qaysı qosıqtıń ritmi berilgen?



8. Súwrettegi kompozitorlar haqqında aytıp beriń.



9. Shınıǵıw – bilimniń anası,
Tap, bul notalar qaysı?



Muzıka 2-klass [Tekst]: sabaqlıq /N. Narxojaev [hám basqa.]. – Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2021. – 80 b.

ISBN 978-9943-7475-6-2

UO‘K 78(075.3)
KBK 85.31ya72

*O‘quv nashri*

**Nadim Norxo‘jayev, Shoxista Norxo‘jayeva, Dilnoza Toshmuhamedova**

# MUSIQA

*Umumiy o‘rta ta’lim maktablarining 2-sinfi uchun darslik*

*(Qoraqalpoq tilida)*

*Awdarmashı M.Nızanov*
*Xudojnik Umid Sulaymonov*
*Redaktor Suluxan Aıtımuratova*
*Kórkem redaktor Sarvar Farmonov*
*Texnikalıq redaktor Akmal Sulaymonov*
*Dizayner Dilmurod Mulla-Axunov*
*Operator Alimardon Aqilov*
*Korrektor Gózzal Nızanova*

Basıwǵa ruqsat etildi . Formatı 60x84 1/8.
Arial garniturası. Kegli 16 shponlı. Ofset baspa usılında basıldı.
shártli b. t. esap b. t.
Nusqası dana. Buyırtpa № ___.

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| № | Oqıwshınıń atı familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵan-daǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵan-daǵı jaǵdayı | Sinf rahbari-ning imzosi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshıları tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqaba jelingen, birqansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, lekin qanaatlandırarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqaba jırtılǵan, ústine sızılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsız ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |